



Senin Wage 07 Juni 2021

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

وقال تعالى : ﴿ قَدْ أَفْلَحَ الْمُؤْمِنُونَ ﴿١﴾ الَّذِينَ هُمْ فِي صَلَاتِهِمْ خَاشِعُونَ ﴿٢﴾ وَالَّذِينَ هُمْ عَنِ اللَّغْوِ مُعْرِضُونَ ﴿٣﴾ وَالَّذِينَ هُمْ لِلزَّكَاةِ فَاعِلُونَ ﴿٤﴾ وَالَّذِينَ هُمْ لِفُرُوجِهِمْ حَافِظُونَ ﴿٥﴾ إِلَّا عَلَىٰ أَزْوَاجِهِمْ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ فَإِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُومِينَ ﴿٦﴾ فَمَنِ ابْتَغَىٰ وَرَاءَ ذَلِكَ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْعَادُونَ ﴿٧﴾ وَالَّذِينَ هُمْ لِأَمْتِنَتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رَاعُونَ ﴿٨﴾ وَالَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُونَ ﴿٩﴾ [المؤمنون : ٢٣ / ٩١] .

وقال تعالى : ﴿ إِلَّا الْمُصَلِّينَ ﴿٢٢﴾ الَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ دَائِمُونَ ﴿٢٣﴾ [المعارج : ٧٠ / ٢٢-٢٣] .

Lan Allah Swt ngendika : Temen bejo wong-wong Mukmin (1) Yaiku wong-wong kang ing dalem sholaté pada khusyu' kabéh (2) Lan wong-wong kang saking lelahan pada melengos kabéh (3) Lan wong-wong kang maring zakat pada ngelakoni kabéh (4) Lan wong-wong kang marang farjiné pada anjaga kabéh (5) Kejaba ingatasé piro-piro bojoné utawa wadon amat kang dadi miliké tangan tengené, maka déwéké kabéh mau ora pada winada/cinacad (6) Maka sing sapa wonge kang murih saliyané mengkono kabéh, mangka dewékné kabéh iku keblebu wong kang pada ngeliwati pelanggaran (7) Lan wong-wong kang maring amanat lan janjiné pada ngereksa kabéh (8) Lan wong-wong kang maring sholaté pada anjaga kabéh (9). [QS. al-Mukminun/23: 1 – 9].

Lan ngendika Gusti Allah Ta'ala : Kejaba wong kang pada sholat (22) Yoiku wong-wong kang ingatasé sholaté pada ngelanggengaken kabéh (23) [QS. al-Ma'arij/70 : 22 – 23].

فاستثناهم من نوع الإنسان المخلوق على الهلع والعجز عند

مس الشر له ، والمنع عند مس الخير له ، كأنه سبحانه يقول :

إن المصلين على الحقيقة ليسوا ممن يهلع ويجزع ويمنع .

Maka Gusti Allah ngedalaken tiyang-tiyang ingkang sholat saking wernaning manungsa ingkang dipun damel angÉl lan nggersulah nalika angsal keawonan, lan nyegah (saking dermakaken banda) nalika angsal kesahÉnan (banda dunya), seolah-olah Allah SWT ngendika : SatemenÉ wong-wong kang pada ngelakoni sholat hakikatÉ ora kalelebu wong kang angÉl, nggersulah lan nyegah (saking dermakaken banda).

قلت : لأن هذه الأوصاف من المنكر ، وقد قال تعالى : ﴿وَأَقِمِ الصَّلَاةَ إِنَّ الصَّلَاةَ تَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ﴾ [العنكبوت : ٤٥/٢٩] . فالمصلي المقيم للصلاة كما أمر الله ورسوله ، تنهاه صلاته عن فعل ما يكرهه الله منه ، مثل هذه الصفات المذكورة وغيرها من المكاره .

Ingsun ngendika: Keranten pinten-pinten sifat punika kalebet saking perkawis munkar, lan temen ngendika Allah Ta'ala : (Lan jumenengakena sira ing solat, temen satuhune sholat iku nyegah saking perkara jember lan munkar, lan yekti Éling maring Allah iku luwih agung) [QS.al-'Ankabut/29 : 45]. Maka tiyang sholat – ingkang leres enggen jumenengaken sholat kados ingkang pun dawuhaken dening Allah lan Rosulipun – punika sholatipun nyegah dateng piyambakipun saking ngelampahi perkawis ingkang dipun gethingi dening Allah, kados punika sifat ingkang sampun tinutur lan sanesipun arupi perkawis ingkang dipun gethingi.

وقال عليه الصلاة والسلام : « صلُّوا كما رأيتموني أصلي » . فالمصلي على الاتباع والافتداء برسول الله ﷺ في صلاته ، على الوجه الذي نقلته علماء الأمة من السلف والخلف رضي الله عنهم ، هو المصلي المعدود عند الله من المقيمين للصلاة والمحافظين عليها .

Lan ngendika Kanjeng Nabi Muhammad 'alaihi sholatu wassalam : (KowÉ kabÉh pada sholatu kaya olÉhé sira kabeh weruh marang ingsun lagi sholat) .

Tiyang ingkang enggÉnipun sholat netepi ndÉrÉk lan manut dateng Rosululloh ﷺ, ingkang sesuai kaliyan ingkang pun nukil Ulama umat saking salaf lan kholaf رضي الله عنهم punika tiyang sholat ingkang kapetang – menggahipun gusti Alloh SWT – saking golonganipun tiyang ingkang jumenengaken lan anjagi dateng sholat.
